TARIRO YANHASI

CHITSAUKO 33

KUKOSHA KWEZVINHU ZVIDIKI DIKI

Kazhinji tinotarisira zvinhu zvidiki diki pasi tichiti hazvina basa. Asi hupenyu hunoumbwa nezvinhu zvidiki diki. Vanhu vanorera imbwa dzakanaka-naka vanoda kunyatsoona kuti zvinhu zvese zviri panzvimbo yazvo. Kune vanogadzira zvitundumusere musere - vanoda kunyatsogutsikana kuti chinogona kurarama muchadenga zvisina njodzi. Hazviite kuti vaite zvekufungidzira. Vanofanira kuita zvinhu nemazvo. Nyika yedu yakabatwa nezvinhu zvakapimwa kusvika pachidimbu chema seconds. Ini semutendi munaMwari ndinoona hurongwa hwake muzvinhu zvidiki diki zvakatikomberedza. Ndichakuratidza zvandiri kureva kubva muna Genesi 8:6-12.

6. Shure kwamazuva makumi mana, Noa akazarura windo raakanga aita muareka, 7. Uye akatuma gunguo, uye rakaramba richibhururuka kuno nokoko kusvikira mvura yapwa panyika. 8. Ipapo akatuma njiva kuti aone kana mvura yakanga yaserera kubva pamusoro penyika. 9. Asi njiva haina kuwana nzvimbo yokumhara nokuti mvura yakanga iri pose pose, saka yakadzokera kuna Noa muareka maaiva. 10. Akarindira kwamamwezve mazuva manomwe uye akabudisazve njiva muareka. 11. Njiva yakati yaizodzokera kwaari panguva yamanheru, onei heyo mumuromo mayo yakaruma shisha nyoro rakatanhwa pamuorivhi! Ipapo Noa akaziva kuti

mvura yakange yaserera panyika. 12. Akamirirazve kwamamwe mazuva manomwe uye akabudisazve njiva asi panguva iyi haina kuzodzoka kwaari.

Mune zvakaitika kuna Noa tinofanira kuona zvinhu zvidiki diki. Hona pakanzi akazarura windo. Chinhu chidiki diki. Unogona kuchitora saizvozvo asi ndicho chakaratidza kuti mvura yakange yamira kunaya.Windo rakazarurwa chaive chinhu chidiki diki asi chichikosha. Funga pamusoro pemazuva makumi mana mvura ichingonaya. Zvakatora mazuva 110 ngarava ichingorohwa nemvura. Funga pamusoro pemazuva makumi mana ekumirira nekusaziva kuti chii chichaitika. Unoona, areka yakange yazomira pamakomo eArarati. Zvino Noa nevanhu vaakange anavo muareka vakamirira kwemazuva makumi mana. Asi windo rakavhurwa ndiro rakaratidza kuti mafashamo emvura akange aguma. Izvi zvairatidza mavambo emwaka mutsva. Ndinoona windo rakavhurika uri mufananidzo wechimwe chinhu. Akavhura windo akatarisa akaona nyika itsva. Akatarisa kune ramangwana kwete kuzvinhu zvakapfuura. Nhamo yakange yapfuura yakanga iri mavambo ezvinhu zvitsva. Ini ndinotenda kuti apa pane chidzidzo kwatiri. Unogona kunge uine windo rakazaruka rinoreva kuguma kwezvinhu zvekare nemavambo ezvinhu zvitsva.

Ngatitorei ichi sechiratidzo. Ngatichitorei semucherechedzo tobatana na Noa takatarisa nyika itsva kuburikidza newindo rakazaruka. Ichi chinhu chidiki diki. Windo rakazuraka asi zvakakosha sei kuna Noa! Shiri dzakashandiswa sevatumwa dzaive zvinhu zvidiki diki. Gunguo ishiri inodya zvese zvese. Ndinofunga shiri iyi yaive nezvekudya zvakawanda nezvinhu zvaive zvafa

zvakayangamara pamusoro pemvura. Saka Bhaibheri rinotiudza kuti gunguo rakaramba richibhururuka kuno nokoko asi harina kudzoka.

Pane shiri yechipiri yakatumwa naNoa inonzi njiva. Payakaenda kekutanga haina kuwana pekuisa tsoka dzayo saka yakadzoka ndokubva Noa aiisa muareka zvakare. Mushure memazuva manomwe Noa akaituma zvakare ikadzoka iine shisha remuorivhi pamuromo payo. Kwakapera rimwe svondo ndokubva aituma zvakare asi apa zvino haina kudzoka. Saka Noa akaziva kuti mvura yakange yaserera uye zvimerwa zvakange zvatanga kukura zvakare panyika.

Ngatimbotaura zvishoma pamusoro peshizha iri remuorivhi rakadzoka neshiri yakange yatumwa. Pamwe iwe unotoziva maorivhi. Unogona kunge uchitogara kunzvimbo inoita maorivhi. Unozviziva kuti muOrivhi muti unogara mazana nemazana emakore usina kufa. Kana ukauparadza unotanga kubukira wega kubva kumidzi yawo. MuOrivhi mucherechedzo wehupenyu. Unofunga kuti Noa akanzwa sei pakadzoka njiva iine shisha remuorivhi pamuromo payo? Ini ndinofunga kuti kuna Noa zvakangoreva kuti hupenyu hunogona kutanga zvakare. Zvimerwa zvese zvakange zvaparadzwa. Zvimerwa zvese nehuswa hwese nemiti. Zvese izvi zvakange zvaparadzwa. Asi njiva payakadzoka iine shisha remuOrivhi zvaireva kuti hupenyu hunogona kutanga zvakare.

Shizha remuOrivhi rakange riri mucherechedzo wetariro. Mwari vakange vaudza Noa pavakamuisa muAreka kuti vachaparadza zvinhu zvese.

Ivo vakazviparadza. Zvino neshizha iri remuOrivhi zvaireva kuti tariro yakange yavapo zvakare. Hazvaireva kuti hapanazve hupenyu hwaizovepo. Unofunga Noa akanzwa sei semunhu akange akavharirwa muareka kwemazuva 150 kana kupfuura? Unoti akanzwa sei paakawana shisha remuOrivhi? Kubata shizha remuOrivhi muruoko rwake zvaipa tariro! Tariro yakange yaberekwa patsva. Shizha remuOrivhi raivewo mucherechedzo werudo. Nechikonzero chekuti Mwari vakange vaudza Noa kuti vakange vasina kumukanganwa. Mwari vakange varangarira. Vakange vaenda muareka kuti vanochengetedzwa. Asi zvino Mwari havana kukanganwa Noa. Ndinokumbira hangu kuti usasvore zvinhu zvidiki diki. Kunyange shizha remuOrivhi rinogona kureva kuti hupenyu hutsva netariro itsva nerudo rutsva.

Mubayiro wemoyo murefu ndiwo pfupiso yenyaya iyi yezvinhu zvidiki diki.

Pamwe kuita moyo murefu hachisi chinhu chidiki diki. Asi ndinoda kuti utarise kuna Noa. Noa akatora makore 120 achivaka areka . Mushure mekuvaka Noa akarairwa naMwari kuti apinde muareka. Noa akagara mazuva manomwe ari muareka kusati kwatanga kunaya. Saka Noa akaita hushingi unogona kuti kwemazuva 40 nehusiki 40. Akaita mazuva 110 akayangamara pamusoro pemvura. Pamazuva 40 akange agere pasi asingaoni kuti kunze kunei. Ndokubva pazoita mazuva manomwe paakange atumira njiva nekudzoka kwayo. Zvino hatimboverenge muBhaibheri pamusoro paNoa ari muenzaniso wemunhu ane moyo murefu. Asi ukazvifunga nekutarisa zvese

zvakaitika zvaakashingirira ari mazviri. Zvitori pachena chaipo kuti Noa anova mucherechedzo wakanaka wemunhu ane moyo murefu.

Pakupedzisira pakava nenyika yakaoma. Akaziva pasina kudzoka njiva kuti pasi pakange paoma. Pane chidzidzo chakanaka panyaya iyi chinouya kwatiri. Usanete! Gara uripo kusvika dambudziko rapera. Hauzozivi kuti uri kure zvakadii nekukunda. Kana ukaora moyo usati wapedza. Hauzombozivi kuti wanga wave pedyo zvakadini. Saka pane mubairo uripo! Pane windo rakavhurika. Pane shiri dzakatumwa sevatumwa. Pane mubairo wemoyo murefu. Usasvore zuva rezvinhu zviduku. Tsanga yejecha mugoko rehove inozoita parera. Chingori chinhu chidiki. Funga pamusoro pezvinhu zvidiki diki. Izvi muhupenyu hwako zvinogona kushandura zvinhu zvachose muhupenyu hwako.

Kuna Noa raive windo rakavhurika richiratidza mavambo matsva. Shiri dzaive vatumwa neshizha remuOrivhi rakave mucherechedzo wehupenyu netariro nerudo. Noa akawana mubairo wemoyo murefu nekuti akamirira kusvika kumagumo. Mwari vanogona kushanda muhupenyu hwako kuburikidza nezvinhu zvidiki diki.